

VIL NEW YORK se yon vil amikal kote gen yon fòs travay ki vanyan, ki gen ladann fanm ansent ak moun ki gen timoun. **KOMISYON VIL NEW YORK SOU DWA MOUN** vle ede w kenbe fòs travay ou ak sekirite nan travay ou.

Lwa Vil la sou Dwa Moun mande patwon yo pou yo fè aranjman ki rezonab ak anplwaye yo lè yo ansent, lè y ap akouche oswa nan kondisyon sante; epi tou li mande pou patwon yo founi yon avi ekri sou dwa anplwaye yo devan lalwa.

PATWON

Pran tan pou travay ak anplwaye w pou nou dakò sou yon aranjman rezonab ki:

- Bay valè a kontribisyon anplwaye a nan travay la
- Ki ede anplwaye a ak prensipal obligasyon travay la
- Kenbe anplwaye a nan travay la pou tout tan li kapab epi vle kontinye travay
- Ki bon pou anplwaye an epi ki pap ba li difikilte nan mach bisnis la

Lè ou inyore yon demann pou yon aranjman rezonab oswa revoke anplwaye apre li fè yon demann, youn ka ekspoze ou nan domaj ak penalite sivil. Rete enfòme sou obligasyon devan lalwa – kontakte Komisyon an pou plis enfòmasyon, ki gen ladann kòman pou infòme anplwaye yo sou dwa yo devan lalwa.

ANPLWAYE

Si ou bezwen yon aranjman rezonab pou kontinye travay oswa kenbe travay ou, ou ka mande youn. Egzanp yo gen ladann:

- Kanpo (e.g. pou itilize twalet, pou ka bwè plis dlo, oswa pran repo ki nesèsè)
- Èd ak travay manyèl
- Chanjman nan kote w ap travay
- Jou konje pou randevou kay doktè pou moun ki ansent
- Yon kote prive, pwop ak kanpo pou ponpe lèt tete
- Travay ki pa mande anpil fòs oswa yon transfè tanporè nan yon pozisyon mwens intans oswa ki pa gen danje ladann
- Tan konje pou refè lè w ap soti nan yon kondisyon medikal ki gen pou wè ak akouchman

Si yo inyore oswa refize demann ou pou yon aranjman rezonab san yon altènatif apwopriye, pale ak you moun nan Komisyon an.

Kalite aranjman ki rezonab ki apwopriye pou yon anplwaye ta sipoze bati sou bezwen anplwaye a ak patwon an. Rele Komisyon an pou ede kenbe fanm nan plas travay yo.

NYC Komisyon sou
Dwa Moun

NYC.gov/HumanRights oswa rele **311**

    @NYCCHR

Bill de Blasio, Magistra • Carmelyn P. Malalis, Komisyonè/Prezidan

